

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Kacindekan ieu panalungtikan patali jeung opat hal luyu, nyaéta (1) struktur jeung pungsi tradisi nyalin, (2) ciri kelisanan tradisi nyalin, (3) ajén étnopédagogik nu nyangkaruk dina tradisi nyalin, jeung (4) implikasi panalungtikan tradisi nyalin jadi bahan pangajaran bahasan budaya Sunda di SMA.

*Kahiji*, struktur tradisi nyalin téh dumasar kana struktur tradisi lisan nyaéta ayana ko-téks jeung téks. Ko-téks dina tradisi nyalin téh aya runtulan kagiatan jeung unsur-unsur kagiatan. Runtulan tradisi nyalin di Dusun Kubang Désa Sidamulya téh tatahar, ngukusan, sanduk-sanduk, mitembeyan mipit paré, jeung ngaarwahan. Dina kagiatan tatahar aya kagiatan séjénna saperti gempungan, kukumpul, majang, jeung riungan.

Unsur-unsur tradisi nyalin téh ngawengku ngaran kagiatan, palaku kagiatan, barang-barang dina kagiatan, kadaharan dina kagiatan, gerakan, tempat lumangsungna kagiatan, jeung waktu lumangsungna kagiatan. Wangenan nyalin téh nyaéta nyadiakeun papakéan jeung alat keur ngageulis keur Nyi Pohaci, ngahormat Nyi Pohaci anu rék diala jeung dijadikeun indung paré, sukuran jeung uar-uar nu boga sawah yén paré di éta wilayah geus manjing diala, wujud kagiatan tina kapercayaan kana mitos Nyi Pohaci, jeung ngaistiméwakeun wanoja nu boga peran penting dina kahirupan. Palaku tradisi nyalin téh aya sesepuh, wali puhun, juru kukumpul, panyawah, aparat pamaréntah, jeung panyawah. Barang-barang upacara nu kahiji nyaéta sasajén utama aya empos, menyan, rarakaan (sangu congcot, endog hayam kampung, cabé, bawang beureum, jeung tarasi), rujak, jeung cikopi pait. Sajén utama téh anu wajib aya salila nyalin lumangsung.

Sasajén tambahan kadaharan dina nyalin téh aya bubur beureum, bubur bodas, cara beureum, cara bodas, goréng lauk, awug, papais, saroja atawa tumpi, ranginang, bolu, cau, kupat salamet, kupat tangtang angin, lodéh, apem, manisan gedang, jeung cai hérang. Ieu sasajén loba anu bahan utamana tina béas, saperti

bubur beureum, bubur bodas, cara beureum, cara bodas, saroja atawa tumpi, ranginang, papais, kupat salamet, jeung kupat tangtang angin.

Sasajén tambahan lain kadaharan dina nyalin téh aya daun sulangkar, daun darangdan, daun kikandel, daun kitetel, dahan jeung daun kawung, awi, daun kiségél, daun kiseueur, mayang jambé, caruluk, daun pacing, boéh, samping léréng, kabaya, salempay atawa karémbong, kembang tilu atawa tujuh rupa, lemareun (gambil, apu, seureuh), alat kageulisan (minyak seungit, wedak, sisir, kaca), étém, bandéra *merah putih*, payung, jeung hahayaman. Kadaharan téh rupa-rupa kaolahan anu dipasang dina saung sanggar, digantungkeun dina palang tina tangkal kawung ku cara ditalian ku daunna. Lian ti éta, kadaharan bebekelan timbel sapuratina anu dibuka dina kagiatan ngaarwahan. Kaolahan tradisional téh lolobana dijieuunna tina béas anu ditipung.

Gerakan nu kapaluruuh téh aya tilu nyaéta gerakan suku waktu leumpang ka saung sanggar, gerakan dina mipit paré, jeung gerakan ngabadanan paré. Tempat lumangsungna tradisi nyalin téh ditangtukeun sanggeus sawah anu dianggap paréna alus bakal jadi puseur lumangsungna kagiatan ditangtukeun ku sesepuh lembur. Sawah anu kapilih téh pangaboga kulawarga Ibu Tasmini jeung Bapa Koman (Alm.) pernahna di Lempong Cibobo Dusun Kubang RT 21 RW 10. Cibobo téh di Dusun Kubang mah puseur pakaya masarakat, kayaning kebon, balong, sawah, jeung palawija.

Ngitung waktu panén téh suméndér kana itungan naktu jeung larangan bulan. Saméméh naktu kudu ngalaksanakeun heula itungan larangan bulan. Carana ditilik tina tempat rijal badag. Lamun bulan Muharam, Safar, jeung Mulud rijal badagna aya di wétan, hartina poé anu dipahingna Saptu jeung Minggu. Lamun bulan Silih Mulud, Jumadi Awal, Jumadi Lakir, rijal badagna keur di kidul poé anu dipahingna Senén jeung Salasa. Lamun bulan Rajab, Rewah, Puasa, rijal badagna keur di kulon poé anu dipahingna Rebo jeung Kemis. Lamun bulan Syawal, Hafit, Haji, rijal badagna keur di kalér poé anu dipahingna Jumaah. Itungan *kopét céwok* keur nangtukeun waktu hadé dumasar kana itungan naktu nu geus ditangtukeun. Misalna poé saptu kaliwon waktu nyalin jeung ngala paré lumangsung téh ninggang di *mékmék*, sabab jumlahna 17. Cara ngitungna

*mékmék-noyék-nyemplong-molongo* nepi ka itungan nu ka tujuh belas. Kebeneran lamun 17 mah bakal ninggang dina *mékmék*. Dianggap poéna alus téh lamun ninggang dina *mékmék* atawa *noyék*, sabab paréna nu diala bakal ngeusi jeung mucukil. Dianggap poéna goréng lamun ninggang dina *nyemplong* atawa *molongo*, sabab paré anu dialana bakal hapa euweuh eusian. Itungan *buah daun tangkal akar* ogé prinsip ngitungna sarua jeung *kopét céwok* kudu nangtukeun naktuna heula. Misalna poé saptu kaliwon waktu nyalin jeung ngala paré lumangsung téh ninggang dina *buah*, sabab jumlahna 17. Dianggap poéna alus keur ngala paré téh lamun ninggang dina *buah*, sabab anu jadi harepan alus téh buah paréna. Lamun poéna alus keur melak paré kudu ninggang dina *tangkal*, ngarah ajeg nepi ka ngahasilkeun buah nu leubeut. Dianggap poéna goréng lamun ninggang dina *daun* atawa *akar*, sabab paré nu diala téh ukur alus daunna jeung teu ayeuh akarna kuat wungkul.

Téks dina tradisi nyalin anu kapanggih téh aya kapamaliaan, dongéng, mantra, diksi jeung unggara. Anu dilarapkeun waktu nyalin lumangsung mah ukur mantra wungkul, ari nu séjénna mah ngawewegan kapercayaan masarakat jeung pangrojong hirup huripna nyalin di masarakat. Téks anu kapanggih téh kaasup kana sastra lisan anu teu sadar hirup salila tradisi nyalin dilaksanakeun ku masarakat.

*Kadua*, ciri kelisanan tina tradisi nyalin téh ngawengku pamikiran lisan, éksprési lisan, jeung naratif lisan. Pamikiran lisan (*oral thought*) téh neueulkeun kana ciciptaan pamikiran anu hésé dipopohokeun jeung luar biasa (*memorable thought*). Dina tradisi nyalin anu kaasup kana pamikiran lisan téh nyaéta aturan dina tradisi nyalin, kapamaliaan dina tatanén, jeung kapercayaan kana mitos Nyi Pohaci Sanghyang Sri anu jadi kasang tukang dilaksanakeun tradisi nyalin. Éksprési lisan (*oral expression*) sipatna kudu gampang diinget-inget deui. Hartina dina waktu lila, éksprési lisan bakal terus aya dina kahirupan masarakat. Éksprési lisan dina tradisi nyalin téh nyaéta ngaran kagiatan, mantra, diksi, jeung unggara. Naratif lisan (*oral narrative*) téh kudu bisa ngawadahan sagala pangabutuh masarakat dina wangun naratif. Naratif lisan dina tradisi nyalin téh nyaéta dongéng anu sumebar di masarakat kalayan mageuhan kana ayana tradisi nyalin.

*Katilu*, ajén étnopédagogik anu kapanggih dina unsur tradisi nyalin kalayan ngandung sawangan hirup manusa jeung dirina téh, nyaéta kostum palaku ti mimiti wali puhun, panyawah, juru kukumpul, sesepuh, jeung masarakat, barang-barang tradisi nyalin kupat salamet, kupat tangtang angin, daun kitetel, jeung daun kiségél, tuturan dina tradisi nyalin utamana kapamalian. Unsur tradisi nyalin anu ngandung sawangan hirup manusa jeung lingkungan masarakat téh, nyaéta runtusan tradisi nyalin gempungan, kukumpul, majang, barang-barang tradisi nyalin bandéra *merah putih*, tuturan dina tradisi nyalin dongéng, kapamalian, diksi jeung ungkara. Unsur tradisi nyalin anu ngandung sawangan hirup manusa jeung alam téh, nyaéta runtusan tradisi nyalin kukumpul jeung mipit paré, barang-barang tradisi nyalin payung, kupat salamet, kupat tangtang angin, daun sulangkar, daun darangdan, dahan jeung daun kawung, daun kikandel, daun kiségél, daun kiseueur, daun pacing, daun seureuh, jeung caruluk, tuturan dina tradisi nyalin dongéng, kapamaliaan, diksi jeung ungkara, gerakan palaku keur mipit paré.

Unsur tradisi nyalin anu ngandung sawangan hirup manusa jeung Pangéran téh, nyaéta runtusan tradisi nyalin gempungan, ngukusan, sanduk-sanduk, jeung ngaarwahan, kostum palaku utamana wali puhun jeung sesepuh, barang-barang tradisi nyalin empos, rarakaan, boéh, jeung botol cai, gerakan palaku utamana leumpang palaku ka saung sanggar. Unsur tradisi nyalin anu ngandung sawangan hirup manusa keur ngahontal kamajuan lahir jeung kasugemaan batin téh, nyaéta runtusan tradisi nyalin ngukusan, sanduk-sanduk, jeung ngaarwahan, barang-barang tradisi nyalin alat kageulisan, samping, kabaya, karémbong atawa salempay, mayang jambé, kikandel, jeung kiseueur, tuturan dina nyalin utamana mantra, gerakan palaku leumpang ka saung sanggar jeung ngabadianan.

*Kaopat*, implikasi tradisi nyalin pikeun bahan ajar dumasar kana kompeténsi dasar dina kurikulum 2013 anu unggelna kieu, *mengidentifikasi dan menganalisis bahasan budaya Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya jeung Menyusun dan menanggapi bahasan tentang budaya Sunda sesuai dengan kaidah-kaidahnya*.

Yogi Yogaswara Yanuariska, 2017

**ULIKAN STRUKTUR JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK KANA TRADISI NYALIN DI DÉSA SIDAMULYA  
KACAMATAN CISAGA KABUPATÉN CIAMIS PIKEUN BAHAN AJAR BAHASAN BUDAYA SUNDA DI SMA**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tina tujuan nu rék dihontal tradisi nyalin mernah dijadikeun bahan ajar, sabab kaasup salah sahiji kabeungharan budaya Sunda anu masih kénéh dipimilik jeung dilaksanakeun ku masarakat.

Tradisi nyalin ditilik tina jihad struktur, unsur, jeung ciri kelisananana mibanda ajén luhung keur kahirupan manusa anu terus bisa diwariskeun ka sababaraha generasi mangsa datang. Keur ngulik ajén dina tradisi nyalin, panalungtik ngagunakeun étnopédagogik konsép Warnaén ngeunaan lima sawangan hirup urang Sunda. Tina analisis anu geus dipidangkeun dina hasil jeung pedaran panalungtikan, kaduktian tradisi nyalin téh mibanda ajén bebeneran keur kahirupan manusa di alam dunya.

Tradisi nyalin téh hakékatna mah keur némbongkeun rasa kaimanan jeung katakwaan ku cara sukuran kana ni'mat Pangéran ngaliwatan kagiatan budaya. Ieu tradisi téh tangtuna geus lumangsung lila jeung asup kana tradisi lisan anu hirup tiheula saméméh tradisi tulis. Ieu budaya téh terus dipertahankeun jeung dilaksanakeun ku masarakat anu ngeukeuhanana, ku sabab kayakinan yén tradisi nyalin téh miboga ajén bebeneran jeung bisa ngarajong kana kalumangsungan hirup masarakatna.

Lamun kompeténsi dasarna bahasan budaya Sunda tangtu kudu mangpaat keur paélmuan ngeunaan budaya. Dina bahan ajar anu dipidangkeun tangtu bakal kapaluruh yén élmu ngulik budaya wangun tradisi téh aya jihad struktur, pungsi, jeung ciri kelisanana. Sanajan tiorina teu éksplisit dipedar, tapi eusi bahasan tradisi nyalinna bakal nyoko kana élmu budaya anu dipilih ku panalungtik. Tina bahan ajar budaya Sunda siswa dipiharep wanoh jeung bisa ngalarapkeun ajénna dina kahirupan sapopoé. Éta hal dibutuhkeun téh keur ngawangun karakter siswa ngaliwatan bahan anu deukeut jeung dirina (kearifan lokal). Tradisi nyalin bakal ngawangun pola pikir jeung paripolah nu bener pangpangna sual sukuran kana ni'mat Pangéran jeung ngahargaan pagawéan tani nu hésé béléké melak paré.

## 5.2 Saran

Ieu saran tujulna ka nu ngagunakeun ieu hasil panalungtikan jeung panaungtik anu rék ngalaksanakeun panalungtikan dina widang nu sarua. Saran

**Yogi Yogaswara Yanuariska, 2017**

**ULIKAN STRUKTUR JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK KANA TRADISI NYALIN DI DÉSA SIDAMULYA  
KACAMATAN CISAGA KABUPATÉN CIAMIS PIKEUN BAHAN AJAR BAHASAN BUDAYA SUNDA DI SMA**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

anu diébréhkeun bisa digunakeun keur tatapakan ngalaksanakeun hal anu leuwih jembar tina ieu hasil panalungtikan.

Nu ngagunakeun ieu hasil panalungtikan téh bisa lembaga atikan, guru, siswa, jeung masarakat. Lembaga atikan kudu bisa ngagunakeun ieu hasil panaluntikan keur népakeun ajén-inajén kearifan lokal anu nyampak di sabudeureun. Guru bisa ngagunakeun ieu hasil panalungtikan keur bahan, média, jeung modél ngajar sangkan leuwih deukeut jeung lingkunganana. Siswa kudu aktif dina ngoréhan jeung mikawanoh budaya Sunda dina umumna sangkan tapal lacak warisan budaya téh terus natrat ka unggal generasi. Keur siswa, wisata budaya téh bisa dijadikeun pangajaran langsung (*direct learning*) anu gedé pagaruhna keur nambahana pangaweruh jeung kamampuh maham budaya Sunda kalawan gembleng. Masarakat kudu leuwih aktif nuluykeun, ngajaga, jeung kaderisasi ka generasina sangkan tapak lacak tradisi téh manjang jeung dipikareueus.

Nu rék ngalaksanakeun panalungtikan dina widang nu sarua. Panalungtikan ngeunaan tradisi nyalin di wewengkon séjén penting dilaksanakeun, tujuanana keur bahan babandingan kalawan ngeuyeuban data anu can lengkep tina ieu panalungtikan. Di unggal wewengkon anu masarakatna ngolah sawah atawa huma tangtu bakal wanoh kana tradisi nyalin. Ku ktiuna, panalungtikan dina mangsa datang bisa nembrakkeun rupa-rupa informasi budaya. Lian ti éta, ulikan tradisi nyalin di unggal wewengkon séjén bisa dijadikeun bahan pangajaran moral keur siswa atawa sakumna masarakat.